



Fè yon Andoskopi Transnazal an Sekirite

Sante ak sekirite pitit ou a enpòtan pou nou. Ou ka fè yon diferans nan swen pitit ou a lè w poze kesyon epi patisipe aktivman.

Ki sa yon Andoskopi Transnazal ye?

Yon andoskopi transnazal (Transnasal Endoscopy, TNE) se yon pwosedi kote yon tib “espageti” ki gen yon ti kamera ak limyè sou li ke yo antre nan nen pitit ou a ak nan ezofaj oswa lestomak li. Pandan pwosedi a, yo ka pran yon byopsi nan ezofaj la. Yon byopsi se yon ti moso tisi, oswa echantiyon. Yo pral gade echantiyon an anba yon mikwoskòp.

Èske TNE oswa byopsi yo fè mal?

Y ap bay pitit ou a medikaman pou angoudi nen ak gòj li pandan pwosedi sa yo pou anpeche doulè lè tib la antre nan nen pitit ou a. Gen kèk pasyan ki di yo santi yo yon ti kras malèz lè tib la antre nan nen ak ezofaj yo. Lè yo pran byopsi yo, gen kèk pasyan ki di yo santi yon ti penche oswa presyon.

Èske w ka rete ak pitit ou a pandan pwosedi a?

Wi, yon moun k ap okipe li ka rete ak pitit ou a pandan pwosedi a. N ap mande moun ki avèk pitit ou a pou l rete san fè bri, mete telefòn selilè li sou silans, epi kenbe kesyon yo pou apre pwosedi a. Men, nou ankouraje w ekri kesyon w yo, pou w pa bliye yo. Mande founisè swen pitit ou a si w ka gade pwosedi a sou ekran an.

Kisa ou ka fè pou prepare w pou pwosedi sa a?

Anvan pwosedi a, yo pral mande pitit ou a sèvi ak yon espre salin pou nen 3 fwa pa jou pandan 7 jou anvan pwosedi a pou netwaye anndan nen li. Nan jou pwosedi a, pitit ou a pa ta dwe manje oswa bwè anyen, eksepte dlo, pandan 4 èdtan anvan pwosedi a.

Kisa ou ta dwe atann apre pwosedi a?

Pitit ou a ka gen doulè nan gòj oswa nan vant apre pwosedi a. Sa a se nòmal epi li ta dwe ale byen vit apre. Si pitit ou a santi doulè ekstrèm, kontakte klinik GI la. N ap fè w konnen lè pitit ou a ka manje ak bwè ankò apre pwosedi li a.

Kontakte founisè swen pitit ou a si w gen nenpòt kesyon oswa enkyetid.